



Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKSPANSYON GADRI NAN KANPIS SUNY AK CUNY K AP KOUTE 15.6 MILYON DOLA**

***Finansman pou remedye dezè gadri a atravè sistèm State University of New York la, elaji sèvis yo nan kanpis City University of New York la***

***Dezyèm faz inisyativ sou Sityasyon Eta ki pil laj la pou asire etidyan SUNY ak CUNY ak pwofesè yo gen aksè ak sant gadri ki gen kalite siperyè yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon investisman eta ki koute 15.6 milyon dola pou elaji aksè gadri nan Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) ak Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY) Finansman an gen ladan 10.8 milyon dola pou remedye dezè gadri a atravè kanpis SUNY yo ak 4.8 milyon dola pou bay plis sèvis gadri sou kanpis CUNY yo. Sa a se dezyèm faz nan yon inisyativ pi laj pou asire ke etidyan yo, pwofesè yo ak anplwaye yo nan tout kanpis SUNY ak CUNY yo gen aksè ak bon jan kalite sant gadri.

"Elaji bon jan kalite opsyon gadri epi ki abòdab se yon pati esansyèl nan kreye yon sistèm edikasyon siperyè ki pi ekitab ak aksesib pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an rete angaje pou asire tout paran yo gen aksè a bon jan kalite gadri, epi finansman sa a se yon etap enpòtan pou asire paran yo gen sipò yo bezwen pou pouswiv yon bon jan kalite edikasyon ak bati yon pi bon avni pou tèt yo ak fanmi yo."

Nan kèk kanpis State University of New York, anviwon 80 pousan etidyan ki gen depandans yo rapòte ke yo te gen pwoblèm pou yo satisfè bezwen gadri pa yo. State University of New York ap agrandi sèvis gadri sou plas ak 7.6 milyon pou kanpis ki gen pi gwo demann, sa ki enkli: Alfred State, SUNY Canton, SUNY College of Environmental Science and Forestry (Fakilte Syans Anviwònmtantal ak Forèstri SUNY), Jamestown Community College, SUNY Old Westbury ak SUNY Sullivan.

Sistèm State University of New York ta prevwa lanse tou yon demann pou pwopozisyon ane sa a pou bay yon sant gadri nan lokal administrasyon sistèm lan pou abòde bezwen gadri nan sant vil Albany an.

**Chanselye Pwovizwa Inivèsite Eta New York la, Deborah F. Stanley, te deklare,** "Nou gen yon apwòch konplè pou siksè etidyan yo epi nou deja fè gwo pwogrè nan Eta New York gras ak Gouvènè Hochul ak Lejislati nou an, epi elajisman gadri a enpòtan anpil pou anpil etidyan ak pwofesè. Dezyèm faz inisyativ sa a abòde 'dezè gadri' ki rete a epi bay fanmi kolèj sa yo ki te di nou yo gen pwoblèm pou jwenn swen yon soulajman ki nesèsè anpil. Eta New York ap fè yon investisman enpòtan nan SUNY ak etidyan nou yo, e nou espere ke plis paran ap rantre nan kanpis nou yo epi konsantre sou jwenn diplòm kolèj yo."

City University of New York ap resevwa 4.8 milyon dola pou elaji sèvis gadri nan kanpis ki pa gen sant, ki gen ladan 1.2 milyon dola pou yon nouvo sant nan Queensborough Community College, anplis plis pase 3.1 milyon dola eta a kontribye pou soutni operasyon sant CUNY ki ekziste yo. Anplis nouvo lokal la, agrandisman an pral ajoute tou 100 chèn atravè sistèm lan pou sèvi prensipalman timoun ki pi piti yo, ki gen ladan tibebe ak timoun piti. Ogmantasyon sa yo pral ranfòse sipò sant gadri CUNY deja bay yo, ki ofri frè pou paran ki pa koute chè epi ki pa refize okenn etidyan-paran nan sèvis yo.

**Félix V. Matos Rodríguez, ki se Rektè City University of New York la, te deklare,** "Elaji sèvis gadri nan kolèj nou yo vle di retire yon baryè ki ta anpeche Nouyòkè yo pouswiv yon diplòm kolèj oswa edike etidyan nou yo. Bay plis pase 10 pousan etidyan CUNY premye sik yo ki se paran resous yo bezwen pou konsantre sou objektif akademik ak karyè yo se jis yon fason nou sipòte yo. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li fè aksè a sèvis gadri yo vin yon priyorite nan Bidjè yo Adopte a, epi pou investisman kontinyèl li nan etidyan, pwofesè yo ak anplwaye nou yo."

Anplis adrese dezè gadri, inisyativ Gouvènè a te anonse pi bonè ane sa a gen ladan distribisyon 4.5 milyon dola nan finansman federal ak eta pou Inivèsite Eta New York pou sipòte sant aktyèl li yo ansanm ak yon pwogram pou fòme pwochen jenerasyon pwofesyonèl gadri yo.

**Manm Asanble Deborah J. Glick te deklare,** "Mank aksè ak gadri pou timoun pa ta dwe janm limite etidyan potansyèl yo resevwa edikasyon siperyè. Yon diplòm kolèj se fason ki pi asire nan direksyon pwosperite finansye, epi nou dwe asire tout Nouyòkè yo, espesyalman paran selibatè yo ak fanmi ki gen revni fèb yo, kapab avanse edikasyon ak karyè yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li bay aksè ak gadri priyorite e mwen pa ka tann pou m devlope siksè sa a nan ane k ap vini an."

Pandan ane akademik 2021-2022 an, SUNY te sèvi 650 etidyan-paran ak plis pase 4,500 plas gadri atravè 46 kanpis SUNY yo ki gen yon sant gadri sou plas. Avèk sant adisyonèl yo, yon lòt 350 plas gadri pral vin disponib. Sant yo sèvi tou pwofesè, anplwaye, ak anplwaye eta yo, ansanm ak kominote avwazinan an — yo chak itilize anviwon yon tyè nan plas total gadri yo.

City University of New York kounye a opere sant gadri nan 17 nan 25 kanpis li yo. Pandan ane akademik 2021-2022 a, sant sa yo te gen 1,400 plas disponib. Etablisman

yo sèvi prensipalman etidyan-paran CUNY yo, byenke apeprè yon tyè nan plas yo sèvi manm pwofesè ak anplwaye CUNY yo oswa paran yo ki nan kominote ki azalantou kanpis yo. Sant yo opere senk oswa sis jou nan semèn lan, ki gen ladan èdtan aswè yo kote sa nesèsè. Fleksibilite sa a, ansanm ak sèvi timoun ki gen laj pou ale lekòl, pèmèt etidyan CUNY yo ale pi fasil nan kou yo. Pifò nan sant yo fonksyone tou pandan ete.

Etidyan-paran yo kapab enskri pitit yo tou nan yon sant nan yon kolèj CUNY odela yon kolèj kote yo enskri, sa ki bay fleksibilite si etidyan an ale nan yon kolèj CUNY ki byen lwen lakay li, oswa si sant kolèj lakay la gen kapasite oswa etidyan bezwen gadri pandan aswè ak lè wikenn yo.

### **Prezantasyon State University of New York**

State University of New York se pi gwo sistèm konplè nan edikasyon siperyè nan Etazini epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km de nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm lan, SUNY genyen kat sant sante akademik, senk lopital, kat fakilte medikal, de fakilte dantè, yon lekòl dwa, sèl inivèsite optometri Eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini (US Department of Energy National Laboratory) an. An total, SUNY sèvi anviwon 1.3 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2021 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite [www.suny.edu](http://www.suny.edu).

### **Prezantasyon City University of New York**

City University of New York se pi gwo inivèsite piblik iben peyi a, yon motè transfòmasyon mobilite sosyal ki se yon eleman enpòtan pou fonksyonman Vil New York. Li te fonde nan ane 1847 kòm premye enstitisyon piblik edikasyon siperyè peyi a, CUNY jodi a gen sèt kolèj kominotè, 11 kolèj siperyè ak sèt enstitisyon diplòm avanse oswa pwofesyonèl ki repati nan senk minisipalite New York yo k ap sèvi plis pase 243,000 etidyan nan nivo diplòm ak metriz epi ki bay 55,000 diplòm chak ane. Melanj kalite ak aksesibilite finansye CUNY an pwopilse prèske sis fwa plis etidyan ki gen revni ba nan klas mwayèn nan ak odela ke tout inivèsite Ivy League yo konbine. Plis pase 80 pousan diplome inivèsite yo rete nan New York, kontribiye nan tout aspè ekonomik vil la, sivik ak lavi kiltirèl epi divèsifikasyon mendèv vil la nan tout sektè. Diplome ak pwofesè CUNY yo te resevwa anpil onè prestijye ki gen ladan 13 pri nobèl ak 26 sibvansyon MacArthur "Genius". Misyon istorik inivèsite a kontinye jiska jodi a: bay yon edikasyon piblik premye klas pou tout etidyan yo, kèlkeswa mwayen oswa kote yo soti. Pou jwenn plis enfòmasyon sou CUNY, vizite <https://www.cuny.edu>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418